جمعية خدمة المحتوى الإسلامي باللغات

# Ахьа хьайга хаьттиний? Хьо Хьа кхоьллина? Ткъа стенна? Ткъа валарна тӀаьхьа хӀун ду?

هَلْ سَأَلْتَ نَفْسَكَ؟ مَنْ خَلَقَكَ؟ وَلِمَاذَا؟ وَمَاذَا بعْدَ المَوْتِ؟

Нохчийн мотт

شيشاني

Меттанашкахь исламан чулацамна гӀуллакхдаран юкъараллин Ӏилманан комитет

هَلْ سَأَلْتَ نَفْسَكَ؟ مَنْ خَلَقَكَ؟ وَلِمَاذَا؟ وَمَاذَا بعْدَ المَوْتِ؟

# Ахьа хьайга хаьттиний? Хьо Хьа кхоьллина? Ткъа стенна? Ткъа валарна тӀаьхьа хӀун ду?


اللَّجْنَةُ الْعِلْمِيَّةُ

بِجَمْعِيَّةِ خِدْمَةِ الْمُحْتَوَى الْإِسْلَامِيِّ بِاللُّغَاتِ

Меттанашкахь исламан чулацамна
гӀуллакхдаран юкъараллин Ӏилманан комитет

بِسْمِ اللهِ الرَّحمَنِ الرَّحِيمِ

# Ахьа хьайга хьаттиний? Хьо Хьа кхоьллина? Ткъа стенна? Ткъа валарна тӀаьхьа хӀун ду?

Меттанашкахь исламан чулацамна гӀуллакхдаран юкъараллин Ӏилманан комитет

Хьо Хьа кхоьллина, хӀай адам? Нагахь хьо хьайн дегӀе микроскопна кӀелахь хьаьжнехьара, хьуна нийсаллин а, Ӏаламатийн а дуьне гина хир дара. Хьайн дегӀера хӀора клеткано шенгахь чолхе шифраш йолу тӀаьхьенан хаамаш лелабой. Ахьа хьайга хьаттиний, Хьам язйина и шифраш? Ткъа Хьам дӀанисйина уьш шайн нийсачу меттаьхь?

ХӀора лекха гӀишлоно а, хӀора эсала цӀено а и диначух лаьцна дуьйцу; ткъа муха хила тарло хӀара шуьра Ӏалам, шен хазаллица а, нийсонца а, цуьнан хӀора хӀума низамехь хиларца а, Кхоллархо воцуш?

ХӀай, адам! Хьан хьекъало тӀе ца эцаре терра хьайга иштта аьлча: «ТӀехдика йина хьекъале телефон, иза кхоьллинарг а, йинарг а воцуш, цӀеххьана яьлла йу», я «чолхе гӀирсийн маша, и нисъйинарг а, терго еш верг а воцуш, вовшашца барт болуш нийса болх беш хилар», – ткъа муха тӀеоьцур ду хьекъало иштта аьлча: «ХӀара

сийлахь-йоккха Iалам, шен ницкъамца а, говзаллица а, нийсачу къепашца а, тIехдикачу низамца а, Кхоллархо воцуш кхолладелла»?

Баккъалла а, хIокху Iаламан хIора дакъа, уггаре жиманиг долчу зинтигера дуьйна уггаре йоккхачу галактике кхаччалц, шен Кхоллархочун сийлаллина тешалла до; хекъалца хила йиш йоцуш ду иштта нийса долу низам, низам доцучу хьолах кхолладелла хилар. Баккъалла а, хекъало тIе ца оьцу хIара Iалам хIумма а доцучух кхолладелла хилар а, я хIара исбаьхьа а, чолхе а долу низам бIаьрзе нисдаларан тIаьхье хилар а

Нийса хьекъало а, цIеначу фитIрато а стаг Iалам Кхоллархо хиларх тешаре ма-виггара, иштта цара вай оцу Кхоллархочун сифатех а, вайн тIехь йолчу Цуьнан бакъонех а лаьцна ойла яре а тIетаIадо.

Баккъалла а, оцу Кхоллархочун сифатех ойла яро вайна неIарш дIайоьллу, Цуьнан вуьззина тоьлла хилар а, массо а эшамах цIена хилар а оьшуш хиларх кIорггера кхета.

ХIокхуьнан маьIна ду, Кхоллархо массо а хазаллин а, сийлаллин а сифаташца хилар. Иза – Сийлахь-Веза ву иза – массо а хIуманна тIехь Ницкъ кхочуш а, массо а хIума Хууш а, Ша кхоьллинчу а, Ша къастийнчу а массо хIумангахь Хьекъале а ву. И кхачамалла цхьа

магаралла хилла ца Ӏа, ткъа хьесапо тӀедожош ду, хӀунда аьлча, Цуьнан сифаташкахь муьлхха а эшам хиларо кхолларалляхь а, урхаллехь а дохар хиларе тӀе кхачор дара, ткъа иза вайна Ӏаламан чохь гуш долчу нисдаларца догӀуш дац.

Иштта, эшамашна гена хиларо тӀедуьллу Кхолларxo Шен кхолламех хьашт воцуш хилар. Цунна цхьа а ца оьшу, мелхо а, массо а хӀума ша хиларехь а, дахарехь а Цунга хьашт ду. Иза ЦӀена ву накъостах а, доьзалах а, хӀунда аьлча уьш эшаман а, гӀорасизллин а билгалонаш ю. Сийлахь-Веза АллахӀ оцу дерригенах а цӀена ву.

АллахӀ Сийлахь-Веза Кхолларxo хилча, камаьршаллин а, сийлаллин а сифаташца волуш, Иза ву-кх вай а, Ӏалам а доцучуьра кхоьллинарг, цу чохь мел дерриг а Цуьнан долахь ду, Иза ву-кх вайна рицкъ луш верг а, Шен къинхетамца вайна го бинарг а, массо хӀуманна урхалла дийриг а ву Иза; ткъа вайна тӀехь дац те Цунна хастам бан а, Цуьнан реза хилар муха даккха лаха а, вайна тӀедиллина долу Цуьнан бакъо муха кхочушъян а, вай кхоьллинчу Ӏалашонна кхача гӀерта а?!

АллахӀа вай кхоьллина, тӀаккха Шена вайгара хӀун лаьа вайна билгал ца дар хьекъале дуй те? ХӀунда ду вай кхузахь? Дахарехь вайн хиларан хӀун Ӏалашо а, хьесап а ду? Веллачул тӀаьхьа вайх хӀун хир ду?

Соьца ойла ехьа: нагахь цхьамма исбаьхьа гIала йинехь, иза уггаре керлачу технологин гIирсашца кечйинехь, тIаккха, иза йина ваьлча, цхьа а бахьана доцуш, цIеххьана иза ерриг йохо волалахь, цу стагах хьекъале ву алалур дуй вайга? Иштта дар хьекъал долчунна догIуш доцуш, маьIна доцуш хилар гуш даций ткъа?

Нагахь и гIуллакх адаман агIор тIеэца мегар доцуш делахь, муха мегар ду вай ойла ян, Хьекъале а, массо хIуманах Хааш а волчу АллахIа и исбаьхьа долу дуьне иштта говза а, кхоччуш тоьлуш а кхоьллина, тIаккха иза цхьа а Iалашо а, хьекъал а доцуш дохор ду аьлла?

Баккъалла а, АллахIа адамаш сийлахь-доккхачу хьекъалан дуьхьа кхоьллина, иза – Цунна, Шеца накъост а воцуш, Цхьанна Iибадат дар ду. Иштта Цо уьш хIокху дуьненахь зен а кхоьллина, царна Къематдийнахь шаьш динчу Iамалех хьесап дайта гIовттор йолу хан а хIоттийна. Ткъа милла велахь АллахIах тешна, Цуьнан кхайкхамна жоп делла, цунна Ялсаманин ирс хир ду, гуттаренна а цигахь Iаш. Ткъа милла велахь бакъонна тIехьатоьхна вирзинарг, иза жоьжахатин ахIлунах хир ву.

Ткъа Iибадат – вайна тIедиллина декхар ду, хIунда аьлча иза вай кхолларан Iалашо ю. Иза вай шукар даран а, АллахI дела хилар а, Иза цхьаъ хилар а къобал даран а тоьшалла ду.

Ойла ехьа, Веза-Сийлахь волу АллахI ву-кх хьо кхоьллинарг а, хьуна хезар а, гар а делла хьо сийлахь винарг а, дагар а дина ца валлал долчу ниIматашца хьуна го баьккхинарг а. И ву-кх хьан пхенашкахула цIий леладерг, хьуна хи а, хIаваъ а рицкъана луш верг. Ткъа хьо хIора сахьтехь Цуьнга хьашт ву. Цуьнан къинхетам а, дола а дацахьара, хьо хIаллакьхир вара, хьан ницкъ а дIаболур бара. ХIетте а, Иза – ЦIена ву Иза – хьан рицкъанан дола дан тIелаьцна, хьо хьайн ненан кийрахь гIийла, хьайна дола дан хIума а доцуш, бер долуш а.

Иштта Сийлахь-Веза Кхоллархо хьакъ вац те ахьа Цунна Iибадат дан, Цунна ма-лаъара, хьуна ма-лаъара а ца деш؟! КIорггера ойла ехьа: нагахь ахьа хьайн нанна совгIат дала дагахь хиллехьара, ахьа хьайн лааме хьаьжжина товш дерг лур дара цунна, я цунна хIун деза хаа гIерташ, иза йоккхаеян цунна догIург лур дара? Иштта Сийлахь-Везачу АллахIана Iибадат дар а хила деза вайн лаамашца я дайшкара схьадеанчу Iадаташца догIуш доцуш, ткъа иза хила деза Цунна, Веза-Сийлахь волчу, ма-лаъара а, Цо вайга омар ма-дарра а.

Iибадат цхьана сийлахь-везачу АллахIана дан деза, цуьнан накъост а воцуш. Адамна шен Кхоллархо воцчунна Iибадат дан ца мега. Жоьжахатехь даиманна вита везаш долу уггаре

доккха къа – иза АллахӀана накъост вар ду. Иза ду адамо АллахӀ воцчунна, Цуьнан кхолламех цхьанна Ӏибадат дар, масала, цӀушна, я малхана, я баттана, я стагана, я дийнатана, я дикачу стагана Ӏибадат дар. И дерриге а ширкан а, керсталлин а тайпанех ду. Оцу тӀехь велларг жоьжахатин цӀергахь даиманна хир ву.

Дала дукха пайхамарш а, элчанаш а бахкийтина, дуьненахь вай хиларан а, дахаран а Ӏалашох лаьцна вайна хаийта. Массо а элчанийн хаам цхьаъ бара: иза Ислам дин дар а, Кхоллархочунна цхьанна, цуьнца накъост а воцуш, Ӏибадат даре кхайкхам бар а. Амма хьалха баьхкинчу элчанаша деанарг хийцина а, харцдина а нах карийра. Цундела Дала ваийтира элчанийн тӀаьххьарниг – Мухьаммад, цунна доссийра адамашна тӀаьххьара хаам – Сийлахь Къуръан. Къуръан – Делан дош хилар а, иза хийцамашна а, харцдаларна а кӀел ца дисна цхьаъ бен доцу жайна хилар а чӀагӀдеш, хьекъалан а, Ӏилманан а дукха тоьшаллаш ду. Дала Къуръан чохь вайна хаийтина, Адамегара Ислам дин доцург къобал дийр доцийла, иштта массо а элчанийн хаам цхьаъ хилар а: Кхоллархо цхьаъ варе а, цунна цхьанна, накъост а воцуш, Ӏибадат даре а кхайкхам бар. Дала Къуръан чохь вайна хаийтина, муъмин нахана гуттарлера ялсамане а, ирс а хирг хилар, ткъа АллахӀ

воцчунна Iибадат динчунна я Ислам дин тIеэца реза ца хиллачунна – лазош долу жоьжахатин цIе а, Iазап а хир ду.

Ислам дин кхечу динех къастош дерг - бусалба нахана бен таро цахилар ю, тешамечу хаарийн хьосташна тIе а тевжаш, Iилманан а тоьшаллашца чIагIдан, тахана шайн карара Сийлахь-Долу Къуръан - хийцамах а, харцонах а лардина долу Кхоллархочун АллахIан дош хилар.

Сийлахь-Дозалла долу Къуръан – иза Дала Шен пайхамарна Мухьаммадна (АллахIера салам а, маршо а хуьлда цунна) доссийна Жайна ду. Цо оцу Къуръанца адамаллина дейтта бIе шарал сов зама хьалха кхайкхам бина, цуьнах тераниг я цуьнах тера цхьа сурат дало аьлла, амма церан и дан гIора ца кхечира. И кхайкхам тахана а бу лаьтташ, цхьаннан а аьтто а бац цуьнах тера хIума дало, шен исбаьхьаллехь а, говзаллехь а, Iаламат хиларехь а, шариIатан хьукманашкахь а. Иштта, заманаш хийцаяларх а, цхьаннан а гIора ца кхечира цуьнах тера я цунна герга хIума дало.Къуръан чохь долу Iаламат шен маттахь говзаллин а, билгалонан а лаккхара бараме кхаьчна хиларца доьзна дац, амма иза кхин дIа а доьдуш ду, иза Делан дош хилар чIагIдеш долу хьекъалан а, Iилманан а тоьшаллаш чулоцуш. Нагахь санна Сийлахь-

Дозалла долчу Къуръан чохь иза Делан дош хилар тӀечӀагӀдеш билгала тоьшаллаш делахь, тӀаккха хьекъале а, нийса а долу лелар – иза бакъдар а, цо ма-бохху лелар а ду, адамаша шайн куьг тоьхна хийциначу кхечу жайнашна тӀетевжарал а.

Кхетамечу хьекъало вай кхетадо, дуьне кхоьллина а, цуьнан низам кхоччуш нисдина а волчу Кхоллархочун дош бакъдерг довзаран уггаре а бакъ болу хьост дуйла. Ткъа Къуръан чохь вайна меттан иштта Ӏаламат а, Ӏилманан бакъдерш а, кхоччуш долу шариӀатан хьукманаш а карийча, цул совнаха иза заманашкахула харцдаларх лардина хилар а гучу даьлча, иза Делан дош дуйла къобалдар бен, кхин некъ ца буьсу.

Цундела, Къуръан чохь яздинчух тешар ийманан харжам хилла ца Ӏа, амма иза бакъдерг лахаран логикица догӀуш болу хьекъале сацам а бу.

Баккъалла а, Сийлахь-Везачу АллахӀа Сийлахьчу Къуръан чохь билгалдаьккхина, Ша вай эрна ца кхоллар, амма Шена Ӏибадат дайтархьама кхоллар.

АллахӀа вайна Къуръан чохь хаийтина, вай Ӏаш долу хӀара дуьненан дахар кеста чекхъер йолу ханна йолу зама бен цахилар, ткъа бакъ долу гуттарлера дахар Эхартахь хир дуйла,

муъмин нах Ялсамани а, керста нах Жоьжахати а чубоьлхучу хенахь.

Вай хӀумма а доцчуьра кхоьллина волу Кхоллархо, вай делачул тӀаьхьа йуха а дахаре дерзо, шеко а йоцуш, ницкъ кхочуш ву. Вайна гонаха долчу дуьненан аяташкахь а, Дала делла хӀума дендеш, Цуьнан ницкъан доза цахиларна билгала тоьшалла го вайна. Дала сийначу диттах цӀе ма-йоккху, екъачу латтара ялта а, стоьмаш а ма-кхиайо, тӀадамах ненан кийрахь бер ма-кхуллу, иштта Иза – Сийлахь-Веза верг – белларш денбан а, Къематдийнахь бекхам бан уьш кешнашкара гӀатто а ницкъ кхочуш ву. ХӀунда аьлча, Дела массо а хӀуманна тӀехь Ницкъ кхочуш ву. Зуламхочун а, зулам лайначун а дахар хьесап а, бекхам а боцуш чекхдалар – иза харцо а, нийса доцуш а ду.

Адаман хаттам кхоллабала тарло: хӀунда Ислам, ткъа кхин долу динаш хӀунда дац?

Адам кхечу массо а кхолларамлех къастош йолу уггаре коьрта башхалла – иза хьекъал ду. Цуьнан декхар – ойла яр а, бакъдерш лахар а ду.

Ислам - иза могуш хьекъалца а, нийсачу фитратца а догӀуш долу дин ду, цо хиларан доккхачу хаттаршна хьекъале жоьпаш ло: вай хӀунда ду кхузахь? вай дахаран Ӏалашо хӀун ю? валарна тӀаьхьа хӀун хир ду?

Ислам дин Кхолло лархо цхьаъ веш Цунна Iибадат дарна а, «АллахI воцург кхин дела вац» аьлла тешалла дарна а тIехь лаьтташ ду. Иза ду хьалхара тешалла, иштта Ислам динехь иманан бух а бу иза. Цуьнан маьIна ду: бакъонца Iибадат дан хьакъ верг Цхьа АллахI воцург кхин цхьа а вац.

ХIокха ШахIадатан юкъа догIу:

Тавхьид: аьлча а, Iибадат дан хьакъ волуш Цхьаъ бен воцучу Делах тешар ду, Цуьнан накъост вац, доьзал бац, Цунах тера хIума а дац.

Ширкех мукъа хилар: аьлча а, адамаша йина массо а цIунаш а, деланаш а харцдар.

Исламо дерриге элчанах тешар тIедуьллу. Цундела бусалбанаш, АллахIа Къуръан чохь махаийтара, теша Iийса – АллахIан лай а, Цуьнан элча а вуйла, иза АллахIан кIант воцийла а. ХIунда аьлча, АллахI Сийлахь-Веза ву, Цуьнан зуда я кIант хиларх ЦIена ву Иза. Иза царах шиннех а, массо а хIуманах а паргIат ву. Иштта АллахIа вайна Къуръан чохь хаийтина Iийса пайхамар хилар а, АллахIа цунна шортта Iаламаташ далар а, АллахIа иза шен къоме, Ша цхьаъ волу АллахIана Iибадат дайта, Цуьнца накъост а воцуш, ваийтар а. Кхин а хаийтина Цо, Iийсас нахе шена Iибадат де ца аьлла, ткъа цо ша шен Кхоллархочунна Iибадат дора. Нагахь

санна хьан Іийсах, АллахІана хьакъ ма-деззара, теша лаахь, хьуна тІехь ду ислам дин тІеэцар.

АллахІа вайна Къуръан чохь хаийтина, Іийсас шен къоманна цхьаъ волчу АллахІана Іибадат дар омра дина хилар а, царна ширках кхерам тесна хилар а.

Хьекъал долчу стага шена санна долчу кхоьллинчунна, мацлучунна, хьоглучунна, ша-шена тІера Іожалла а, зен а дІатоха ницкъ боцчунна Іибадат дар хьекъале дуй те?! ХІай адам, ахьа муха до Іибадат Марьяман кІантана Іийсана, иза дааррий, маларрий оьшуш стаг хилла волуш, шен Кхоллархочуьнга ламазца вирзина хилла волуш?! Хьекъало тІеэца йиш юй те Дала Шена-Шега ламаз дар?! АллахІ вац тІкъа Сийлалла йолуш верг, Шен кхачамаллехь цхьаъ бен воцург, Шех тера а, Шена нисвала а хІума доцуш ЦІена верг, дуьне-Іалам чохь дерриг а Шен ницкъана а, Іедална а кІелахь долуш верг? Муха хьекъале ду Стигланийн а, лаьттан а Кхоллархо бер санна дуьнен чу валар, тІаккха Ша кхоьллинчарна жІарах тохийта Ша дІавалар? Баккъалла а, жІарах тохуш а, бойъуш а берш – уьш лийр долу адамаш ду. Ткъа Кхоллархо – Иза цкъа а лийр воцу Дийна верг ву, набаро а, самадаларо а ца оьцуш волу Даим ГІаролехь верг ву. Ишттачух ЦІена хилар

Цуьнан йоккхаллин а, сийлаллин а кхачамаллех дац те?

Сийлахь-долчу Къуръан чохь АллахӀа вайна хаийтина, массо а элчанаш цхьана кхайкхамца баьхкина хилар, иза бу – шайн къаьмнашка цхьаъ волчу, накъост воцучу АллахӀана Ӏибадат даре кхайкхар. Амма заманаш яларца, цхьаболчара и даималера кхайкхам тилбина, пайхамарша даьккхина долу Товхьидан нур дӀа а дайина. Цундела АллахӀа тӀаьххьарниг волу элча Мухьаммад ﷺ ваийтина, цунна тӀе Сийлахь-долу Къуръан а доссийна, цул хьалха хиллачу массо а элчано яьккхина йолу Товхьидан кхайкхам карла яккхархьама.

**ТӀаьххьаре а оха хьоьга олу, хӀай адам:**

Баккъалла а, Ислам – хьекъалан а, Ӏаламан а дин ду. Иза Сийлахь-Везачу Кхоллархочо адамашна хӀоттийна цхьаъ бен доцу дин ду; цундела хьекъал долчу хӀора а адамо сихонца Ислам дин тӀеэца деза, АллахӀ Дела хиларх а, Ислам дин хиларх а, Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Цуьнан Элча хиларх а тешарца. ХӀара адаман харжам бан бакъо йолуш гӀуллакх дац, хӀунда аьлча, Къематдийнахь АллахӀа цуьнга хоттур ду элчанашна цо хӀун жоп делира аьлла. Нагахь иза иман диллина хиллехь, цунна хир бу боккха кхиам а,

декъалхилар а, ткъа нагахь иза керста хиллехь, цунна хир бу билггала эшам.

Нагахь санна ахьа хIокху дуьненахь бакъ долу ирс а, эхартахь толам а лахахь, тIаккха хьуна хаийла, хьайн дахарехь ахьа тIеэца йиш йолу уггаре а доккха сацам – иза Ислам дин тIеэцар ду. Хьуна тIехь дерг-м хIара дешнаш бакъонца тешначу даггара алар бен дац: «Ас тоьшалла до, АллахI воцург кхин дела ца хиларца, ас тоьшалла до, Мухьаммад – Цуьнан Элча хиларца». Цул тIаьхьа, хьайн дин Iамаде, оцу шина тоьшалло тIедуьллучунна тIехь болх а бе: АллахIах а, Цуьнан Элчанах а иман диллар а, Исламан арканаш лардар а.

Ала и хIинца, шек а ма вала. Iожал-м цIеххьана йогIу, цундела иштта мехала сацам тIаьхьа ма татта. Дикачу некъах хьо юхаверзо ШайтIанна таро ма ло. Майра хила, нуьре а, нийсачу новкъа а воьду хьайн некъ дIаболабе.

ХIинца хьайн сацам бе а, синтемца а, резахиларца а дуьззина керла дахар дIадоладе.

Ас тоьшалла до, АллахI воцург кхин Дела ца хиларца, юха а ас тоьшалла до, Мухьаммад – АллахIан Элча хиларца.

❃❃❃

ce459v2.0 - 28/07/2026

جمعية خدمة المحتوى
الإسلامي باللغات